

## Kondisyon Idantifikasyon ak Rezidans Pou Sitwayen Ameriken yo

Kòm yon pati nan yon efò nasyonal pou amelyore emisyon kalifikasyon idantifikasyon an sekirite, Pennsilvani egzije dokiman sa yo nan men sitwayen ameriken k ap aplike pou yon lisans chofè Pennsilvani, yon pèmi aprantisaj oswa yon kat idantifikasyon (ID) oswa sitwayen ameriken k ap transfere yon lisans chofè oswa yon kat ID ki soti lòt eta.

**TANPRI SONJE:** Si w ap aplike pou yon pwodui REAL ID, tanpri al gade nan lis dokiman REAL ID, Lis ki sou sitwèb PennDOT la sou <https://www.dmv.pa.gov/REALID> pou plis enfòmasyon.

### Kondisyon laj pou Sitwayen Ameriken yo

Moun k ap aplike pou yon Lisans Chofè ki pa Komèsyal dwe gen omwen 16 lane.

Moun k ap aplike pou yon Kat Idantifikasyon (ID) dwe gen omwen 10 lane.

Moun k ap transfere yon Lisans Chofè ki pa Komèsyal dwe gen omwen 16 lane 1/2.

Moun k ap aplike pou yon pèmi aprantisaj nan Pennsilvani dwe gen omwen 16 lane.

Yo pa ka transfere pèmi aprantisaj ki pa nan eta a nan Pennsilvani.

Moun k ap aplike oswa k ap transfere yon Lisans Chofè Komèsyal dwe gen omwen 18 lane pou kondit ant eta oswa 21 lane oswa plis pou kondit ant eta a.

### Rezidan Pennsilvani yo

Si ou gen mwens pase 18 lane epi ou se yon rezidan Pennsilvani, w ap bezwen montre:

- yon fòmilè idantifikasyon nan Lis A a, epi
- Kat Sekirite Sosyal ou.

Si ou gen 18 lane oswa plis epi ou se yon rezidan Pennsilvani, w ap bezwen montre:

- yon fòmilè idantifikasyon nan Lis A a,
- de fòmilè prèv rezidans nan Lis B, epi
- Kat Sekirite Sosyal ou.

### Nouvo rezidan Pennsilvani yo

Nouvo rezidan Pennsilvani ki gen yon lisans chofè valab ki soti nan yon lòt eta Ozetazini dwe jwenn yon lisans chofè Pennsilvani nan 60 jou apre yo fin rete PA epi remèt lisans chofè andeyò eta a ak/ oswa kat idantite yo.

Si ou se yon nouvo rezidan Pennsilvani epi lisans chofè eta anvan an ekspire pou plis pase sis mwa depi li ekspire oubyen ou pa gen lisans chofè eta ou te genyen an, w ap oblige aplike pou yon Pèmi Aprantisaj PA pase Tès Egzamen Vizyon, Tès Konesans ak Tès Woutye a.

Nouvo rezidan Pennsilvani ki gen yon lisans chofè ki valab soti nan Pòtoriko oswa nan yon teritwa oswa posesyon ameriken ka transfere lisans chofè valab yo nan yon lisans chofè PA ki pa Komèsyal.

Nouvo rezidan Pennsilvani ki gen yon lisans chofè komèsyal (CDL) valab ki soti nan yon lòt eta Ozetazini ka transfere CDL yo a nan yon CDL PA.

Si ou gen mwens pase 18 lane epi ou se yon nouvo rezidan Pennsilvani, w ap bezwen montre:

- yon fòmilè idantifikasyon nan Lis A a,
- Kat Sekirite Sosyal ou, epi
- lisans chofè ou ki soti lòt eta a ak/oswa kat idantite ou.

Si ou gen 18 lane oswa plis epi ou se yon nouvo rezidan Pennsilvani, w ap bezwen montre:

- yon fòmilè idantifikasyon nan Lis A a,
- de fòmilè prèv rezidans nan Lis B a,
- Kat Sekirite Sosyal ou, epi
- lisans chofè ou ki soti lòt eta a ak/oswa kat idantite ou.

### LIS A:

#### **Fòmilè idantifikasyon yo asepte pou Sitwayen Ameriken yo:**

- Batistè ak so ofisyèl (*Etazini, se yon ajans gouvènman ki otorize ki bay li, ki gen ladan teritwa ameriken yo oubyen Pòtoriko.*) Yo p ap asepte batistè ki pa ameriken.) **Remak:** Pou yo asepte yo, batistè ki soti Pòtoriko dwe gen yon dat emisyon 7/1/10 oswa plis.
  - *Si batistè ou a gen ladan I yon lang ki di dokiman nesans lan pa yon prèv sitwayènte ameriken, ou ka bezwen plis dokiman.*
- Sètifica Sitwayènte Ameriken (USCIS Form N-560 oswa N-561)
- Rapò Konsilè sou Nesans Aletranje (DOS Fom FS-240)
- Sètifica Natiralizasyon (USCIS Form N-550 oswa N-570)
- Paspò ameriken valid

**REMAK:** *Se sèlman paspò valid ak dokiman orijinal y ap asepte. Si non ki sou dokiman orijinal la diferan de non ou genyen kounye a, ou dwe bay dokiman ki lye non yo, tankou yon Sètifica Maryaj orijinal, yon Jijman Divòs, oswa yon dokiman Òdonans Tribunal.*

### LIS B:

#### **Lis Dokiman yo Asepte kòm Prèv Rezidans pou Aplikan ki gen 18 ane oswa plis: Dokiman prèv rezidans yo dwe gen non ou ak adrès ofisyèl ou nan Pennsilvani sou yo.**

- Etikèt lapòs/pakè ki gen tenm sou yo atravè USPS, UPS, FedEx, elatriye.
- Yon fòmilè W-2/yon fichye pèman
- Akò lokasyon oswa dokiman ipotèk
- Dosye taks ofisyèl ki montre non ak adrès aktyèl yo
- Lisans chofè PA ki valib e ki pa ekspire oswa kat idantite ak foto
- Kat anrejistreman veyikil PA
- Kat asirans oto
- Yon bòdwo sèvis publik ki pwodui pa òdinatè ki montre non ak adrès ou (telefòn selilè, kab, elektrisite, gaz)

**REMAK:** *Si w ap viv ak yon moun, epi ou pa gen bòdwo nan non w, w ap toujou bezwen bay de prèv rezidans. Yon prèv se vin ak moun w ap viv avèk li a ak lisans chofè li oswa kat idantite ak foto li nan Sant Lisans Chofè a. W ap bezwen bay yon dezyèm prèv rezidans tou, tankou etikèt lapòs/pakè ki gen tenm sou li atravè USPS, UPS, FedEx, elatriye, ki gen non ak adrès ou sou li. Adrès la dwe koresponn ak adrès moun w ap viv avèk li a.*

### **TANPRI SONJE**

Tout dokiman yo dwe montre menm non ak dat nesans lan, oubyen yon asosyasyon ant enfòmasyon ki sou dokiman yo. Yo ka mande lòt dokiman si yo pa ka tabli yon koneksyon ant dokiman yo (pa egzanp, Sètifica Maryaj, Òdonans Tribunal pou chanjman non, Jijman Divòs, elatriye)